

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1. Lokasi jeung Subjék Panalungtikan**

Lokasi panalungtikan dilaksanakeun di MAN Jonggol Kabupatén Bogor sedengkeun subjék panalungtikanna nyaéta siswa kelas XII. Dina Ngumpulkeun sumber data, panalungtik ngagunakeun téhnik sampel, anu hartina nyaéta subjék dina ieu panalungtikan mangrupa sabagian atawa wawakil tina jumlah populasi (Arikunto, 2010:174).


Sampel anu dipilih dina ieu panalungtikan nyaéta sampel acak (randomized), disebut kitu lantaran dina nyokot sampel panalungtik miboga anggapan yén sakabéh subjék téh sarua, ku kituna panalungtik méré hak anu sarua ka unggal subjék sangkan boga kasempetan pikeun dipilih jadi sampel. Jumlah sakabéh siswa kelas XII di MAN Jonggol aya 250 siswa sedengkeun anu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nyaéta 15% tina jumlah siswa nyaéta 37 siswa.

#### **3.2. Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan nyaéta sakabéh prosés anu digunakeun dina rarancang jeung “pelaksanaan” panalungtikan nepi ka sakabéh pertanyaan nu aya bisa dijawab.

Aya sababaraha léngkah dina ieu panalungtikan nyaéta: 1) niténan buku ngeunaan éjahan, 2) nangtukeun masalah panalungtikan, 3) nangtukeun sumber data, 4) nangtukeun métode panalungtikan, 5) nangtukeun jeung nyusun instrumén, 6) ngumpulkeun data, 7) nganalisis data, 8) nyindekkeun hasil panalungtikan, 9) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan tina bagan.

### Bagan 3.2 Desain Panalungtikan



### 3.3. Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2010:203). Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh métode déskriptif, anu tujuanana pikeun

Sylvi Fauziah Rhohmah, 2013

*ANALISIS KASALAHAN ÉJAHAN DINA KARANGAN DÉSKRIPSI SISWA KELAS XII MAN JONGGOL  
TAUN AJARAN 2012/2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngadéskrupsikeun kasalahan-kasalahan anu dilakukeun ku parasiswa kelas XII MAN Jonggol dina pamakéan éjahan basa sunda dina wangun karangan déskripsi. Aya sababaraha alesan pangna ngagunakeun métode déskriptif anu dijjerona ngawengku:

- 1) Masalah anu ditalungtik lumangsung dina mangsa kiwari, kasalahan ngalarapkeun éjahan dina karangan déskripsi siswa kelas XII MAN Jonggol.
- 2) Panalungtikan anu dilaksanakeun sipatna ngadéskrupsikeun tipe kasalahan dina ngalarapkeun éjahan Basa Sunda.
- 3) Data ieu panalungtikan téh dikumpulkeun, diklasifikasikeun, jeung ditafsirkeun.

#### 3.4. Définisi Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun rupa-rupa tafsiran kana ieu panalungtikan, perlu aya définisi nu aya dina judul ngeunaan kekecapan anu dipaké, bisa dititénan saperti ieu di handap.

- 1) *Analisis kasalahan* nyaéta mangrupa hiji prosedur gawé nu biasa digunakeun ku panalungtik jeung ku guru basa kalawan léngkah-léngkahna: ngumpulkeun sampel, ngaidéntifikasi kasalahan anu aya dina sampel, nétélakeun kasalahan, ngklasifikasikeun kasalahan anu aya dina sampel dumasar kana sabab-musababna, nu pamungkas nyaéta ngaévaluasi atawa méré ajén kana tingkatan éta kasalahan” (Ellis, 1986:296 dina Tarigan& Tarigan, 2011:61). Kasalahan anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta kasalahan éjahan dina karangan déskripsi siswa kelas XII MAN Jonggol.
- 2) *Éjahan* téh nyaéta aturan, kaédah, palanggaran nuliskeun kecap-kecap salah sahiji basa (Tamsyah, 1998:540 dina Setiawan, 2006:21).
- 3) *Karangan Déskripsi* nyaéta tulisan anu mangrupa ébréhan pikiran jeung rasa pangarangna anu manrupa dadaran atawa ébréhan kagiatan indra (panempo, pangrungu, pangrasa, panyabak, jeung pangambeu) minangka hasil pangalamanana.

### 3.5. Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010:203), instrumén panalungtikan téh nyaéta pakakas atawa pasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé. Instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun ieu data nyaéta diolah ngagunakeun kartu data. Instrumén ngumpulkeun data anu mangrupa tés bisa dititénan saperti ieu di handap.

#### Conto Kartu Data

<b>Kode:</b> .....
Wangun anu salah: .....
.....
Kuduna: .....
.....
Tipe Kasalahan: .....
.....
<b>Catetan:</b>

### 3.6. Téhnik Ngumpulkeun Data

#### 3.6.1. Téhnik Tés

Téhnik tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh dasar jeung préstasi hiji jalma (Arikunto,2010:266). Téhnik tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan

Sylvi Fauziah Rhohmah,2013

*ANALISIS KASALAHAN ÉJAHAN DINA KARANGAN DÉSKRIPSI SISWA KELAS XII MAN JONGGOL  
TAUN AJARAN 2012/2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyaéta ku cara méré tugas ngarang ka siswa MAN Jonggol. Ku cara kitu panalungtik bisa ngukur tingkat kasalahan anu dilakukeun ku siswa kelas XII MAN Jonggol dina nyieun karangan déskripsi kalawan ngagunakeun aturan éjahan basa sunda anu bener.

Data anu dikumpulkeun ngagunakeun téhnik tés tadi, bisa dititénan saperti ieu di handap.

### **TÉS NYIEUN KARANGAN DÉSKRIPSI**

Jieun hiji karangan anu sarat-saratna saperti ieu di handap!

1. Warna karangan: karangan déskripsi
2. Téma karangan: objék wisata anu aya di Kabupatén Bogor
3. Panjang karangan: minimal 3 paragraf
4. Pigawé kalawan ngagunakeun palanggeran éjahan!
5. Waktu: 1 jam pelajaran
6. Komponén anu dipeunteun: éjahan

Tong poho tulis ngaran jeung kelas, dina lambaran karangan hidep!

#### **3.6.2. Léngkah-léngkah Ngolah Data**

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan bisa dititénan saperti ieu di handap:

1. maca hasil karangan murid kalawan gemet,
2. nganomeran unggal jajar,
3. nandaan unggal kasalahan sarta ngasupkeun kana kartu data,

4. misah-misahkeun data kasalahan dumasar kana klasifikasina, nyaéta kasalahan makéna aksara, nuliskeun aksara, kasalahan nuliskeun kecap, kasalahan nuliskeun unsur serepan, jeung kasalahan ngagunakeun tanda baca,
5. ngadéskrripsikeun data hasil panalungtikan,
6. merséntasikeun kasalahan makéna éjahan
7. nyieun kacindekan hasil panalungtikan.

### 3.7. Téhnik ngolah data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik *analisis kesalahan berbahasa* (Tarigan, 2011:123). Ieu téhnik téh mangrupa téhnik anu poko dina ngolah data. Nyaéta mangrupa métode gawé dina maluruh kasalahan-kasalahan tulisan murid kalawan ngagunakeun prosedur nu tangtu.

Prakprakanana conto nganalisis data bisa dititénan dina conto analisis data ieu di handap.

Data kasalahan téh diteundeun dina kartu data, anu tuluy dibéré kode. Dina éta kode téh dieusian ku nomer urut siswa, nomor lambar, jeung nomer padalisan, contona:

Salah sahiji tempat wisata anu endah di bogor nyaeta Taman Buah Mekarsari. (3:I, 1-2)

Hartina éta kasalahan téh aya dina karangan siswa nomer 3, lambar ka-1, padalisan 1 nepi ka 2.

Dina éta data téh mibanda opat kasalahan nyaéta:

- 1) Salah nuliskeun gabungan kecap salah sahiji (3:I, 1).
- 2) Salah ngalarapkeun aksara vokal *e* dina kecap endah jeung kecap nyaeta (3:I, 1).
- 3) Salah dina nuliskeun aksara gedé dina ngaran kota (3:I, 2)

### 3.8. Analisis Data

Gabungan kecap *salah sahiji* dina kecap kuduna ditulis ngahiji, wangun tulisan anu benerna nyaéta *salahsahiji*.

Salah ngalarapkeun vokal *e* dina kecap *éndah* jeung *nyaéta*, wangun anu bener kuduna maké vokal *é* jadi éta kecap ditulisna *éndah* jeung *nyaéta*.

Kasalahan anu ka-3, henteu nuliskeun aksara gedé dina ngaran kota anu aya dina kecap *di bogor* anu kuduna ditulis *di Bogor*.

Jadi wangun anu bener tina data di luhur nyaéta salahsahiji tempat wisata anu éndah di Bogor nyaéta Taman Buah Mekarsari.

